

Travay timoun? Pa tonbe nan sa!

1/8

Kisa travay timoun nan ye?

Se tout fòm travay, peye ou non, ki fèt pa timoun oubyen adolesan ki anba laj minimòm legal ke yo pèmèt pou yon moun genyen pou li antre nan mache travay la, daprè legislasyon chak peyi. Nan Brezil, li entèdi pou moun ki genyen pi piti ke 16 zen daj, eksepte nan kondisyon de aprantisaj a pati de 14 zan. Men atansyon: se entèdi tou travay ki danjere, travay nan nwit, travay malsen pou jèn ki genyen pi piti ke 18 tan.



Pou aprofondi, asiste videyo **Meia infância - O trabalho infantil no Brasil hoje** (Mwatye timoun - travay pou timoun nan Brezil) ak telechaje kanè omonim nan sit sa escravonempensar.org.br/meiainfancia.

Travay timoun? Pa tonbe nan sa!

2/8

Ki kote pou denonse travay timoun?

- Ministè Ekonomi: ale sou: denuncia.sit.trabalho.gov.br
- Ministè Piblik Travay: ale sou bit.ly/mptdenuncia ou byen telechaje aplikasyon MPT Pardal la
- Cras/Creas (Inite asistans sosyal) ki nan minispalite kote w rete a. Nan São Paulo, ale sou: bit.ly/assistenciaSP, rele nan 156
- Konsèy Protektè ki nan minispalite kote ou rete a Nan São Paulo, ale sou: bit.ly/ctutelarSP
- Rele nan 100



Pou aprofondi, asiste videyo **Meia infância - O trabalho infantil no Brasil hoje** (Mwatye timoun - travay pou timoun nan Brezil) ak telechaje kanè omonim nan sit sa escravonempensar.org.br/meiainfancia.

Travay timoun? Pa tonbe nan sa!

3/8

Kisa yo di sou **travay timoun**?

“Travay diyifye moun e fòmè karaktè, poutèt sa, li se yon benefis pou timoun ak adolesan”

Pa tonbe nan sa! Pou timoun ak adolesan ki nan laj pou al lekòl, tèmine yon joune lekòl, pontyèl, reyalize aktivite rekreyativ e etidye se deja kondisyon ki favorize fòmasyon karaktè l. Patisipasyon nan yon divisyon solidè e travay senp nan kay kontribye nan kesyon konvivyabilite ak sosyabilite. Pou timoun nan devlope entegralman, li pa dwe pase yon bon pati nan joune a ap travay ni genyen responsabilite ki pa propòsyonèl a laj li. Li bezwen tan pou li jwe, etidye e repoze.



Travay timoun?

Pa tonbe nan sa!

4/8

Kisa yo di sou **travay timoun**?

“Li pi bon pou travay olye pou rete nan la ri, san fè anyen, ap mande, ap itilize dròg oubyen ap komèt krim”

Pa tonbe nan sa! Travay timoun nan pa genyen wòl prevansyon kont kriminalite. Rechèch yo montre ke pi fò nan popilasyon ki nan prizon yo te travay nan anfans e ke anpil adolesan ki nan mezi sosyo-edikasyonèl te deja egzèse oubyen tap egzèse aktivite travay nan epòk yo te komèt krim nan. Anplis de sa, travay pandan anfans-menm kan li ta sanble “diy”, favorize timoun yo ak adolesan yo tonbe nan aktivite ilegal, tankou krim òganize, trafik dròg ak trafik moun, eksplwatasyon seksyèl e travay esklav, yon fwa ke yo nan sitiyasyon de vilnerabilite, eksplwatasyon e vyolans e, pa konsekan yo san pwoteksyon kont goumen pou rezon sa yo.

Travay timoun?

Pa tonbe nan sa!

5/8

Kisa yo di sou **travay timoun**?

“Ti gason ak ti fi pòv dwe travay pou yo ede fanmi yo”

Pa tonbe nan sa! Timoun ki sòti nan fanmi ki genyen revni piti, ki kòmanse travay bonè, genyen problèm nan aprantisaj yo, sa ki, pita, rann difisil non sèlman konklizyon etid yo, men tou kalifikasyon profesyonèl yo. Trajektwa sa fè se travay ki pi mal yo ki rete pou yo, jeneralman, travay enfòmèl yo, travay frajil yo na lavi granmoun yo. Pandan se tan, timoun nan klas wo yo genyen opòtinite pou yo pèfeksyone yo ak plis ane lekòl, kou ak lòt aktivite ki elaji kalifikasyon profesyonèl e pisibilite pou yo fè konpetisyon nan mache travay fòmèl la pou bon pòs. Se poutèt sa, diskou sa ranfòse inegalite sosyal yo, paske li diferansye opòtinite ak privilèj yo. Tout moun dwe genyen kondisyon pou yon edikasyon fòmèl ak Ssitwayèn pandan anfans ak adolesans yo.



@escravonempensar

escravonempensar.org.br/meiainfancia



Travay timoun?

Pa tonbe nan sa!

6/8

Kisa yo di sou **travay timoun**?

“Li te travay lè li te timoun e, gras a sa, li te vin tounen yon moun enpòtan”

Pa tonbe nan sa! Moun ki te travay byen bonè e ki fini pa fè siksè se eksepsyon an, se pa règ la. Travay timoun entèfere nan lekòl ak nan randman lekòl pandan anfans ak adolesans, paske moun pran plis ane pou yo konkli etid yo e, konsa, kapab rantre nan mache travay la. Dezavantaj la ogmante, lè jèn nan entèronp fòmasyon li, sa ki genyen enpak sou kalifikasyon profesyonèl li e nan aksè a meyè travay yo. Li nesesè pou konsidere ke menm moun ki rive simonte pase yo te viv nan eksplwatasyon nan travay yo, pran plis ane pou yo fini etid yo, akòz de vyolasyon sa. Konsa, nou kab di ke genyen kèk moun ki sòti byen nan la vi malgre travay timoun men pa akòz de li.



@escravonempensar

escravonempensar.org.br/meiainfancia



Travay timoun?

Pa tonbe nan sa!

7/8

Kisa yo di sou **travay timoun**?

“Fanmi ki akeyi ti fi pòv yo pou sèvis domestik an echanj pou kay ak manje fè yo favè”

Pa tonbe nan sa! Travay timoun domestik enplike yon enfinite de eleman ki mete an risk sante fizik ak mantal timoun ak adolesan yo, tankou efò fizik entans, izòlman sosyal (e menm prizon prive), abi fizik, sikolojik e seksyèl, long joune travay, travay nan nwit, ekspozisyon a dife, mouvman repetitif, sichaj miskilè. Lwen lavi sosyal fanmi an, anpil fwa pou anpil ane, ti fi sa yo genyen anpèchman pou yo etidye ak jwe, anplis de repo, libète, lyen sosyal ak santimantal ke yo pa genyen. Malgre yo fè aktivite travay, yo pa resevwa okenn salè mèm lè yo rive nan laj granmoun. Pou tout rezon sa yo, travay domestik fè pati de fòm travay timoun ki pi mal, e poutèt sa li entèdi pou moun ki genyen pi piti ke 18 tan.

Kisa yo di sou **travay timoun**?

“Adolesan ki fè aktivite seksyèl genyen disènman ak responsablite pou aksyon yo, poutèt sa, yo pa fòse ak eksplwate. Yo se travayè sèks ak otonomi ak chwa”

Pa tonbe nan sa! Eksplwatasyon seksyèl se yonn nan pi move fòm travay timoun, pou ekspozè timoun yo ak adolesan yo a domaj fizik, moral, sikolojik ak seksyèl pou tout rès la vi yo. Nan Brezil, yo pèmèt prostitisyon a laj ki pi wo ke 18 tan; avan sa, travay seksyèl la ap toujou konsidere kòm eksplwatasyon, sa ki fè kondisyon vin inakseptab pou timoun ak aadolesan. Konsa, nou pa dwe refere nou a sitiyasyon sa a kòm “prostitisyon timoun” men kòm “eksplwatasyon seksyèl timoun”. Timoun ak adolesan se moun ki nan faz devlopman fizik ak sikolojik toujou e, poutèt sa, yo sou titèl fanmi yo toujou, sou titèl Leta, ak sosyete a e yo dwe proteje kont vyolans sa a. Menm si, aktivite sa fini pa fèt pou reponn a nesesite siviv jèn sa yo ak fanmi. Kondisyon de vilnerabilite sosyoekonomik ak sikolojik yo fè yo vin sansib a koripsyon granmoun yo ki fòse yo oubyen entrodwi yo nan travay pou, konsa, yo fè profi ak eksplwatasyon seksyèl la.